

TATA PANGIBADAH MINGGU BIASA KAPING XVI - GKJ AMBARRUKMA

20 Agustus 2023

Gedung Induk Papringan, jam 08.00 WIB

(Warni liturgis ijem, Stola : Logo Prau+Pelangi+Peksi Dara)

Sakderengipun pangibadah kawiwitan, Liturgos nyumet satunggal lilin pethak ibadah.

1. Pacawisan : Imam mimpin pandonga ing konsistori

2. Liturgos :

“Pasamuwan brayatipun Gusti Yesus Kristus,

Pradataning Pasamuwan GKJ Ambarrukma ngaturaken sugeng rawuh, sugeng enjang, lan sugeng pepanggihan malih wonten ing pangibadah **Minggu, Kalih Dasa Agustus Kalih Ewu Tiga Likur** (20 Agustus 2023). Mugi kasarasan lan karaharjan tansah nunggil wonten ing Bapak, Ibu, saha para sedhèrèk, tuwin laré-laré sedaya. Pangibadah wekdal punika ugi dipun giyaraken lumantar *live streaming* Youtube GKJ Ambarrukma, pramila kula ugi ngaturaken sugeng nyuraosi lan midhangetan. Bapak, Ibu lan para Sadhèrèk saged ngaturaken unjuk salam kagem warganing pasamuwan ing sakiwa tengen panjenengan.

Kula suwun kawigatosanipun sawetawis, awit wontenipun pawartos Minggu menika, ingkang badhé kula aturaken sapérangan (*maosaken pawartos*).

Jangkeping pawartos saged kawaos lumantar pawartos *online* ingkang saged dipun undhuh mawi *QR code* ingkang sampun kacawisaken wonten ing layar monitor, punapa ingkang sampun kacawisaken wonten grup Whatsapp, menapa déné lumantar iber-iber cetak ingkang kacawisaken wonten ing kori greja.

Bapak, Ibu, lan Sedhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti, pangibadah wekdal punika kanthi irah-irahan **“Gusti Allah ingkang Paring Dhawuh tumrap Kita”** ingkang badhé kaladosaken dening Bapa Pandhita Purwantoro Kurniawan.

Kita purwakani pangibadah menika kanthi repening **Kidung Pasamuwan Kristen Tigang Atus Kawan Welas, Pada Setunggal lan Kalih (KPK 314 : 1, 2), “Pasamuwan Nyawiji” (Ladrang, Laras Pelog Pathet Barang).....kairing dening Karawitan Kalvari Adi GKJ Ambarrukma lan pasamuwan kasuwun jumeneng**

- (1) Pasamuwan 'kang nyawiji netepi sabdaning Gusti,
Dadya paseksi nyata, Yésus yéku Sang Pamarta,
Sih rahmating Allah tumrah mring gung manungsa,
Sumrambah salir tyang 'kang pracaya,
Basuki gesangira.

- (2) Pindha badan mung sajuga 'nging kathah péanganira,
 Pasamuwan kang manunggal mbabarken gesang kang énggal,
 Sami déné mbiyantoni 'wit sih-sinihan sayekti,
 Tunggal ati tunggal Gusti,
 Nengsemken mring sesami.

(Kidung kawiwitan, Imam lan Pengkotbah lumebet dhumateng altar, Imam ngaturaken Kitab Suci dhumateng Pengkotbah, sakderengipun Pengkotbah mapan dhateng mimbar.)

3. Votum tuwin Salam Karaharjan: *(Pasamuwan Jumeneng)*

- Pandhita : Pasamuwan kinasih, sumangga ing pangibadah dinten Minggu menika kita sesarengan mratelakaken pangaken konjuk Gusti ingkang mekaten:
 Sadaya : **Pitulungan kita punika pinangkanipun saking Sang Yehuwah ingkang nitahaken langit lan bumi, tuwin ingkang mboten nate nilaraken pakaryaning Astanipun.**
 Pandhita : Sih rahmad lan tentrem rahayu saking Sang Yehuwah Gusti kita, tuwin Gusti Yesus wonten ing bapak, ibu, lan sadherek sadaya.
 Pasamuwan : **Mekaten ugi ing panjenengan.**
 Sadaya : . . 7 6 . . 6 7 5 . 5 6 5 3 2
Amin, A-min, A - min.

(Liturgos: Pasamuwan kula aturi lenggah.....)

4. Lektor : Sabda Introitus : Jabur 133 : 1 - 3

(Dipun tembangaken Macapat Dhandhanggula)

5. Liturgos : “Bapak, Ibu, lan para sedhèrèk ingkang dipun kasihi ing Gusti Yésus, saiba prayogi saha éndahipun, menawi para sedhèrèk ingkang manggèn ing satunggaling griya tansah sami rukun. Kadosdéné lenga jebad adi ingkang kagambaraken dening Jabur, inggih wonten ngriku Gusti Allah anggènipun ndhawuhaken berkah, saha gesang, ngantos salaminipun. Sumangga kita sesarengan memuji asmanipun Gusti kanthi ngrepèkaken tembang **“Pinujia Sang Kristus”**
Pada 1 lan 2 (Lancaran, Laras Pelog Pathet Lima)

- | | |
|--|---|
| (1) Pinujia Sang Kristus,
Pinujia Asmané,
Luhur, mulya ing ngaluhur,
Pinujia Asmané,
Langgeng salaminya. | (2) Pinuji Gusti Yésus,
Pinuji salaminya,
Luhur, mulya ing ngaluhur,
mBirat dosa umaté,
Puji salaminya. |
|--|---|

6. Pandhita : Sabda Andharaning Katresnan : Lelakone Para Rasul 3 : 19-20

7. Imam : Pacawisan Pamratobat

“Pasamuwan ingkang satuhu dipun tresnani Gusti. Gusti Allah paring pangèngét supados kita mratobat, satemah dosa kita sami kaapunten. Awit Pangéran Yéhuwah ngutus Gusti Yésus, ingkang wiwit sakawit sampun katamtokaken dados Kristus kagem kita umat kagunganNya.

Pramila sumangga sami kita cawisaken manah, sowan ing Ngarsanipun Gusti, ngakeni saha nelangsani sedaya karingkihan kita, lumantar pandonga pamratobat. Kita purwakani kanthi repèning **Kidung Pasamuwan Jawi Sewidak Setunggal, Pada Setunggal lan Tiga (KPJ 61: 1 lan 3) “Sihing Allah Kang Maha Tresna”** (*Ketawang Minta Suci, Laras Pelog Pathet Lima*)

- | | |
|--|---|
| (1) Sihing Allah Kang Ma Tresna
Asung gesang nyata
Yéku ingkang angéramna
Mring kula tyang dosa
Mila kula tansah muji
Tan kendhat rinten lan ratri. | (3) Mring salir tyang, sanak kadang
Mesthi katedahna
Margi kang anjog pepadhang
Yéku sih rahmatNya
Punika sokur kawula
Mring Gusti Kang Maha Tresna. |
|--|---|

8. Imam: Pandonga Pamratobat

Sadhèrèk kinasih, sumangga kita lumebet ing suasana pamratobat. Kita ndedonga:

“Dhuh Gusti Allah ing Sang Kristus Yésus, kawula sowan marek ing Ngarsa Paduka kanthi penelangsa, kawula nelangsani bilih kawula tiyang ingkang ringkih, saha kebak ing momotan lan panandhang dosa menika. Gusti, Paduka paring apunten, Paduka sucèkaken sedaya jembering dosa kawula. Paduka ingkang ngenggalaken manah kawula supados kawula saged nglajengaken gesang menika ing pangrèh lan pepadhang saking Paduka Gusti, atur panelangsa lan pamratobat kawula punika, kawula suwun awit sih katresnanipun Juru Wilujeng kawula, Gusti Yésus Kristus. Amin.”

9. Pandhita : Pawartos Sih-Rahmat : Maleakhi 3 : 1

Pandhita : Pangatag-atag Gesang Anyar : Kolose 3 : 13

10. Liturgos : “Pasamuwan kagunganipun Gusti Yésus Kristus, Gusti mbabar dhawuh supados kita tansah sabar-sinabarana kadosdéné Gusti Allah anggènipun paring pangapunten dhumateng kita. Kita ugemi lan samektakaken dhawuhipun kanthi kesanggeman kita lumantar pepujèn **Kidung Pasamuwan Kristen Pitung Dasa Sanga, Pada Setunggal lan Kalih (KPK 79 : 1, 2), “Pracaya lan Pasraha”** (*Ketawang Madumurti, Laras Pelog Pathet Barang*)..... Pasamuwan kula aturi jumeneng

- | | |
|--|--|
| (1) Pracaya mring Gusti Yésus,
Lan pasrah kanthi sayekti,
Prihatin ginantos begja,
Awit mesthi dèn berkah,
Kaéraman gung kadarman,
Uripira saben ari. | (2) Sapa bisa awèh weruh,
Njajagi karsaning Gusti,
Sarta nata umurira,
Mung tansah padha mersudi,
Sinartan puji pandonga,
Sarwa suméndhé mring Gusti. |
|--|--|

(Liturgos : *Pasamuwan kula aturi lenggah.....*)

- 11. Wedharing Sabdanipun Gusti** *(Pasamuwan Lenggah)*
- a) Pandhita : Pandonga Epiklese
 - b) Pandhita : maosaken Purwaning Dumadi 45 : 1-15
 - c) Pandhita : Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken sabdanipun Gusti lan nindhakaken karsanipun Gusti ing gesang padintenan. Haleluya.
Pasamuwan: 2 3 2 7 2 3 .. 2 3 2 7 2 3 ..
Haleluya Amin Haleluya Amin
2 3 5 6 7 6 .. 5 7 6 5 6 5 ..
Haleluya Amin Haleluya Amin
 - d) Irah-irahan: “Gusti Allah ingkang Paring Dhawuh tumrap Kita”
 - e) Ancas : Pasamuwan nyuraosi lan saged nuladha cariyos Yusuf saha tansaya pitados bilih gesang kita inggih saking pangandikanipun Gusti Allah, supados rancanganipun saged dipun wujudaken lumantar gesang kita kagem tiyang kathah.

- 12. Pandhita : Paladosan Sidhi** tumrap Sdr. **HESKIEL DWI PRADIPTA**, putranipun brayat (Alm) Bp. Heru Basuki lan Ibu Sri Winarsih, saking Gendeng GK IV No.864, Baciro, Gondokusuman, Yogyakarta, Wilayah 4.

Lampahing berkah kairing **Kidung Pasamuwan Kristen Sewidak Tiga, Pada Tiga (KPK 63 : 3)**

Pangeran Allah Ma Kwasa
Nglubèrken berkah sing swarga
Muwuhi ing sih Rahmat-Nya
Ngiring ing kasetyanira.

- 13. Pisungsung**
Imam : “Awit katresnanipun Gusti Allah tumrap kita, ndayani kita saged mujudaken katresnanipun Gusti, sarta mbabar katresnan menika tumrap sesami. Sesarengan kita nyamektakaken dhawuhipun Gusti kanthi ngaturaken pisungsung ingkang sampun kita cawisaken.

Pisungsung wekdal menika kapantha dados tigang kanthong, kanthong setunggal lan kalih kagem pasamuwan, lan kanthong tiga kagem panyengkuyung dana griya éméritus. Pisungsung mirungan caos sokur sidhi saged dipun lebetaken ing kotak ingkang kacawisaken, lan ingkang ngersakaken caos pisungsung kanthi migunakaken aplikasi m-banking, sumangga saged mawi scan kode QRIS ingkang sampun cumawis, katèmpèl wonten palenggahan.

Tetales pisungsung ing wekdal menika kapethik saking **Kitab Jabur Bab Sèket Sekawan Ayat Wolu (Jabur 54 : 8)** ingkang mekaten suraosipun: “**Kawula badhé nyaosi kurban kanthi éklasing manah, dhuh Yéhuwah, kawula badhe memuji asma Paduka, amargi asma Paduka punika saé.**”

Pisungsung badhe kita aturaken wonten ngarsanipun Gusti, kanthi repèning **Kidung Pasamuwan Kristen Setunggal Atus Wolung Dasa Gangsal, Pada Setunggal, Kalih lan Tiga (KPK 185: 1, 2, 3), “Pisungsung Konjuk Mring Allah” (Lancaran, Laras Pelog Pathet Barang)**

- | | |
|--|--|
| (1) Konjuk mring Kang Maha Agung,
Kawula sung pisungsung,
Cihnaning bingahing manah,
'Wit berkahing Allah,
Sumengka wah sinengkera
Lan temen rineksa,
Dadya srana munpangati,
Mrih kamulyaning Gusti. | (2) Konjuk Allah Kang Maha Luhur,
Kawula saos sokur,
Kababaring raos urmat,
'Wit tansah rinimat,
Dalah gesang kula mugi
Kagem déning Gusti,
Dadya lantaraning berkah,
Tumraha mring tyang kathah. |
| (3) Konjuk ing ngarsaning Allah, Kawula sung panrimah,
Tandha ajrih sih kula, 'Wit gung sih rahmatNya,
Mugi Gusti nggih karenan, Temah binerkanan,
Dadya margi Kratoning Allah, Binabar nèng bumi. | |

14. Pandhita : Pandonga Syukur lan Syafaat

15. Liturgos : “Bapak, Ibu, lan Sedhèrèk kinasih ing Gusti Yesus Kristus, sumangga sesarengan kaliyan tiyang pitados ing pundi-pundi papan, kita sami nélakaken **Pangaken Pitados Rasuli**. Pasamuwan kula aturi jumeneng

- Kawula pitados dhateng Allah Sang Rama, ingkang Mahakawasa, ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.
- Inggih pitados dhateng Yesus Kristus ingkang Putra ontang-ating, Gusti kawula.
- Ingkang kabobotaken dening Roh Suci, miyos saking prawan Maryam.
- Ingkang nandhang sangsara nalika jumenengipun Pontius Pilatus, kasalib, nglampahi seda, lajeng kasarekaken, tumedhak dhateng ing teleng palimengan.

- Ing tigang dintenipun wungu malih saking antawisipun tiyang pejah.
- Lajeng sumengka dhateng ing swarga, pinarak wonten ing tengenipun Allah Sang Rama ingkang mahakawasa,
- Saking ngriku inggih badhe rawuhipun ngadili tiyang ingkang gesang kaliyan ingkang pejah.
- Kawula pitados dhateng Roh Suci.
- Kawula pitados wontenipun pasamuwan Kristen satunggal ingkang suci sarta wradin, inggih patunggilanipun para suci.
- Punapa-dene pangapuntening dosa.
- Tanginipun raga.
- Sarta gesang langgeng.

16. Pandhita : Paladosan Berkah

17. Liturgos : “Pradataning Pasamuwan ngaturaken panuwun dhumateng Bapa Pandhita Purwantoro Kurniawan, Karawitan Kalvari Adi lan sadaya paraga ingkang sampun nyengkuyung lampahing pangibadah punika.

Pasamuwan tinunggilan ing Gusti, kita pungkasi pangibadah punika, kita tansaya pitados bilih gesang kita awit saking pangandikanipun Gusti Allah, satemah rancanganipun Gusti saged kawujudaken lumantar gesang kita kagem tiyang kathah.

Ing purnaning pangibadah punika, kasuwun Sedherek HESKIEL lan brayat saged jumeneng ing ngajeng kori nampi salam kabingahan saking para warga.

Sumangga, sesarengan kita pungkasi pangibadah wekdal menika kanthi repèning **Kidung Pangutusan: Kidung Pasamuwan Kristen Satus Tigang Dasa, Pada Setunggal lan Kalih (KPK 130 : 1, 2), “Nunggil Kaliyan Gusti” (Lancaran, Laras Pelog Pathet Barang).**

- | | |
|---|--|
| (1) Yèn nunggil lan Gusti rinten dalu,
Manah langkung tentrem arahayu,
Kula angantos Gusti siyang klayan ratri,,
Nyuwun berkah dhuh Gusti, Gusti mami. | (2) Yèn nunggil lan Gusti j'ro ginodha,
Kula saged unggul maring dosa,
Kula angantos Gusti siyang klayan ratri,
Nyuwun berkah dhuh Gusti, Gusti mami. |
|---|--|

18. Liturgos : “Sugeng dinten Minggu, sugeng kondur kanthi renaning manah, lan mugi katentreman lan karaharjan tansah rumentah wonten ing Bapak, Ibu, Sedhèrèk sadaya. Gusti mberkahi.”